



Pou Piblikasyon Imedya: 06/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE APLIKASYON YO OUVRI POU DEZYÈM FAZ FON KOMÈSYALIZASYON BYODEFANS 40 MILYON DOLA NEW YORK LA**

*Yo te bay 15.3 milyon dola nan premye faz la pou akselere kwasans nan endistri syans lavi New York la ak konbat maladi enfektye yo ak lòt menas sante piblik*

*Aplikasyon yo ak direktiv sou fon an disponib [isit la](#)*

*Aplikasyon yo ouvri tou pou katriyèm faz pwogram sibvansyon NYFIRST 15 milyon dola a pou mennen chèchè translasyonèl klas mondyal yo nan Eta New York*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke aplikasyon yo disponib kounye a pou dezyèm faz Fon Komèsyalizasyon Byodefans 40 milyon dola New York la. Fon an, ki [te bay](#) 15.3 milyon dola nan sibvansyon pou uit jèn antrepriz ak 10 sant akademik nan mwa avril la, te kreye pou akselere devlopman ak komèsyalizasyon inovasyon rechèch nan syans lavi ki abòde menas sante maladi enfektye grav yo pandan l ap kreye travay epi ankouraje kwasans kontinyèl nan endistri syans lavi k ap devlope nan Eta New York la.

"Gras a Fon Komèsyalizasyon Byodefans 40 milyon dola a, biznis New York yo ap aplike leson yo te aprann nan pandemi COVID-19 la pou pwovoke inovasyon ak devlope ekonomi eta a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Avèk finansman sa a, n ap mennen batay pou konbat maladi enfektye, k ap pote anpil travay ak investisman nan Eta New York, epi pi byen prepare pou avni nou. Mwen kontan anpil pou m anonse aplikasyon pou dezyèm faz finansman an disponib kounye a, epi mwen ankouraje jèn antrepriz ak konpayi ki nan premye etap yo pou yo pwofite opòtinite sa a pou ede devlope sektè syans lavi k ap pwospere nan eta nou an".

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare**, "Endistri syans lavi eta a se yon motè kle nan ekonomi New York la. Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan ap jwe yon wòl enpòtan nan sa a, non sèlman nan fè rechèch syantifik ki fèt atravè eta a tounen tretman dènye kri ak solisyon pou menas maladi enfektye grav yo, men tou nan elaji ekosistèm syans lavi a ak devlope ekonomi an".

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Akselere inovasyon nan syans lavi yo atravè Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan pral pèmèt eta nou an ak moun ki nan premye liy sante piblik yo idantifye epi reponn a menas maladi enfektye grav yo. Envestisman sa a nan ekspansyon endistri syans lavi a montre yon lòt fwa ankò angajman Gouvènè Hochul pran pou pwoteje plis sante piblik tout Nouyòkè yo".

**Kathryn Wylde, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Partnership for New York City, te deklare,** "Dezyèm faz Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan vini nan yon moman kritik nan ekspansyon endistri syans lavi New York la, ki kontribiye nan elan nouvo antrepriz nou te wè pandan pandemi an. Pwogram sa a reyafime lidèchip New York nan ekonomi inovasyon mondyal la".

Sibvansyon ki bay atravè Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan pral ede pote solisyon avanse sou mache a ki idantifye, trete ak anpeche maladi enfektye yo, ankouraje kwasans nan endistri syans lavi k ap devlope nan New York ak mete Eta a kòm lidè nan rezistans ak rediksyon maladi enfektye. Pami pwojè ke benefisyè yo nan premye faz la te pouswiv genyen sa yo ki konsantre sou devlopman antiviral, antibakteri, ak vaksen ki pisan; deteksyon rapid menas maladi enfektye yo ak toksin byolojik yo; ak prevansyon transmisyon enfeksyon sou sifas yo.

Konpayi ki elijib yo k ap devlope dyagnostik, vaksen, terapi ak lòt inovasyon ki pwometè pral anpeche, trete oswa redui menas maladi enfektye grav ki kapab aplike pou sibvansyon nan jiska 4 milyon dola. Enstitisyon rechèch akademik New York yo kapab aplike tou pou sibvansyon jiska 500,000 dola pou ede akselere swivi pwopriyete entèlektyèl avanse nan syans lavi yo. Yo pral mete aksan sou sipò devlopman inovasyon ki gen pi gwo potansyèl pou vyabilite komèsyal. Dat limit pou aplike se 6 oktòb 2022 nan 5 p.m. EDT. W ap jwenn plis enfòmasyon sou entènèt [isit la](#).

Se Empire State Development ki pral jere Fon Komèsyalizasyon Byodefans lan, anba direktiv yon Komite Egzekitif ki gen ladan reprezantan ki soti nan Depatman Sante Eta New York, Columbia University, Mount Sinai School of Medicine ak de fon pou antrepriz riske. Yon gwoup ekspè ki soti nan endistri byofamasetik, kominote antrepriz riske nan domèn syans lavi, ak syantifik akademik yo pral revize, evalye ak bay ESD (Empire State Development) rekòmandasyon sou aplikasyon yo soumèt yo. Yon karakteristik enpòtan nan pwogram nan se ke moun ki resevwa sibvansyon yo resevwa konsèy nan men konseye ki gen eksperyans nan endistri byofamasetik, envestisman nan antrepriz riske, ak inivèsite pou ede asire pwogram devlopman yo rete sou bon wout.

### **Katriyèm Faz Aplikasyon NYFIRST la Ouvri Kounye a**

Katriyèm faz sibvansyon ki soti nan Fon New York pou Inovasyon nan Rechèch ak Talan Syantifik (New York Fund for Innovation in Research and Scientific Talent, NYFIRST) ouvri kounye a. Pwogram sibvansyon lekòl medikal 15 milyon dola a ankouraje rekritman ak retansyon chèchè syans lavi eksepsyonèl yo ki baze sou rechèch translasyonèl, ki apiye sou rechèch syantifik debaz pou jwenn nouvo fason pou

dyagnostike ak trete kondisyon medikal yo. NYFIRST ofri sibvansyon jiska 1 milyon dola.

Yo te bay prim NYFIRST yo bay enstitisyon sa yo:

- Columbia University Irving Medical Center nan Vil New York
- Icahn School of Medicine at Mount Sinai, Vil New York
- University of Rochester, nan Rochester
- State University of New York, Upstate Medical School, Syracuse

Aplikasyon ak direktiv yo disponib kounye a sou sit entènèt ESD a epi nou kapab jwenn aksè nan yo [isit la](#).

### **Inisyativ syans lavi 620 milyon dola Eta New York la**

Eta New York te pwomilge yon inisyativ 620 milyon dola pou ankouraje devlopman yon nouvo gwoup rechèch sou syans lavi ki gen kalib mondyal nan New York, ansanm ak elaji kapasite eta a pou l komèsyalize rechèch sa a epi devlope ekonomi an. Inisyativ ki gen plizyè aspè sa a gen ladan 320 milyon dola pou pwogram estratejik ki atire nouvo teknoloji sou syans lavi nan eta a, ankouraje envestisman enpòtan nan sektè piblik ak prive nan domèn syans lavi k ap emèje yo ak kreye epi agrandi biznis ak travay ki gen rapò ak syans lavi nan New York.

Sektè Syans Lavi a anglobe domèn byoteknoloji, famasetik, teknoloji byomedikal, teknoloji sistèm lavi yo, epi li enkli òganizasyon ak enstitisyon ki devwe majorite efò yo nan diferan faz rechèch, devlopman, transfè teknoloji ak komèsyalizasyon yo. Chak jou, konpayi nan sektè sa a ap devlope nouvo pwogrè medikal ak famasetik ki gen potansyèl pou sove lavi, swa atravè nouvo terapi yo oswa deteksyon maladi nan premye faz yo tankou kansè ak maladi newolojik yo. Antrepriz sa yo ap fè pwogrè konsiderab tou nan domèn byoteknoloji agrikòl ak anviwònmantal, ki ap ede kreye yon avni ki pi pwòp epi ki pi dirab.

Lè li ranfòse ankourajman gras a rekonpans, envesti nan enstalasyon, epi amelyore aksè a talan ak ekspètiz, New York pral ogmante yon fason konsiderab pati pa li nan rechèch ak devlopman ke endistri a finanse, soutni komèsyalizasyon rechèch akademik ki egziste yo, epi entegre nouvel jenerasyon teknoloji avanse yo. Anplis pwogrè nan syans, inisyativ sa a ap mete New York nan pozisyon pou li vin yon leman pou antrepriz fakribasyon ki fèk parèt yo, epi konsa ranfòse ekonomi rejyonal yo epi kreye plizyè milye djòb. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite sitwèb ESD a [isit la](#).

###